

**WUJUD SAHA MAKNA NAMA-NAMA DHUSUN WONTEN ING
KECAMATAN BANGUNTAPAN**

RINGKESAN SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Saperangan Sarat
*Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan*



Dening :

**Usmar Ashari Miftakhul Huda
NIM 14205241054**

Yogyakarta, Juli 2018
Pembimbing,

Dr. Mulyana, M.Hum.
NIP. 19661003 199203 1002

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

**WUJUD SAHA MAKNA NAMA-NAMA DHUSUN WONTEN ING
KECAMATAN BANGUNTAPAN**

**Dening
Usmar Ashari Miftakhul Huda
NIM 14205241054**

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika ngrembag bab pandhapuking nama Dhusun, maknanipun nama Dhusun saha dhasaring paring nama saking nama-nama Dhusun wonten Kecamatan Banguntapan Kabupaten Bantul Daerah Istimewa Yogyakarta.

Jinising panaliten inggih menika panaliten *kualitatif* asipat *deskriptif*. Data panaliten menika arupi tembung nama Dhusun wonten Kecamatan Banguntapan. Sumbering data panaliten saking *dokumentasi* saha saking Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Bantul. Cara ngempalaken *data* kanthi cara *observasi*, *dokumentasi*, saha *wawancara*. *Data* dipunanalisis kanthi cara *deskriptif*. Anggenipun ngesahaken *data* migunakaken cara *validitas triangulasi sumber*.

Asiling panaliten inggih menika: (1) pandhapuking tembung nama Dhusun saking tembung lingga dados tembung andhahan kanthi pangrimbag wuwuhan; panambang-an saha *konfiksasi* utawi wuwuhan sesarengan tan rumaket/rumaketn-an saha ka- -an, pangrimbag camboran wetah saha camboran *variasi* wuwuhan (-an); (2) maknanipun tembung saking nama Dhusun inggih menika; maknaning nama saking pangaribawa tembung lingganipun, maknaning nama saking pangaribawa ingkang mapan wonten panggenan menika, saha maknaning nama saking pangaribawa kriya lingganipun; (3) dhasaring paring nama Dhusun inggih menika papan panggenanipun, saha nyebutaken memperipun.

Pamijining Tembung : *Morfosemantik, Dhusun, Kecamatan Banguntapan*

PURWAKA

Dhusun inggih menika minangka papan ing wigatos tumrap para warganipun. Dhusun minangka salahsatunggaling papan kangge sosialisasi antawis warganipun. Budaya wonten setunggal dhusun kaliyan sanesipun menika beda-beda saha sedaya saged narik kawigatosan masarakat saking jawi dhusun. Gambaran sosial masarakatipun ugi saged sinerat mawi dhusun-dhusun menika.

Saking namanipun menika saged nggambaraken kadospundi kawontenansosial budaya saking satunggaling dhusunmenika. Nama dhusun minangka satunggaling wujud *konkrit* saking tetenger papan menika. Nama dhusun menika wigatos kanggedipunteliti utawi dipun*analisis*. Nama dhusunmenika dipunteliti saking wujudingnamadhusun, saha dhasaring paring nama dhusun, makna dhusun satemah manggihaken gambaran saking dhusun menika. Nama dhusun ingkang narik kawigatosan dipunteliti inggih menika nama-namadhusun wonten Kecamatan Banguntapan Kabupaten Bantul.

GEGARAN TEORI

A. Morfologi

Morfologi inggih menika *kajian* basa saking wujud tembung. *Objek kajian* morfologi wonten kalih inggih menika *kajian* tembung saha *kajian* morfem (Suardi, 2013: 28). Miturut Verhaar (2001: 97) morfologi inggih menika ngelmu linguistik ingkang *mengidentifikasi* peranganing basa kanthi perangan *gramatiakal*. Wondene miturut Nurhayati (2001: 2) morfologi inggih menika ngelmu *linguistik* ingkang magepokan utawi *mengidentifikasibabpandhapuking* tembung.

Kanthi pamanggihipun para ahli saged dipunpendhet dudutan morfologi inggih menika ngelmu *linguistik* ingkang magepokan kalian wujud pandhapuking tembung saha ewahing tembung ingkang dadosaken ewahing teges tembung menika. Saged dipunmanertosi menawi *objek* sakingkajian morfologi inggih menika tembung, wondene peranganing tembung wonten kalih inggih menika morfem saha tembung.

Pangrimbagipun tembung lingga dados tembung andhahan dipuwastani *proses morfologis*. Miturut Sudaryanto (1991: 18) *proses morfologis* inggih menika proses pikantuking tembung mawi *carapengubahan wujud dasar berstatus morfem* makna *leksikal* kanthi piranti *pembentuk berstatus morfem* ingkang sipatipun makna gramatikal saha kaiket. Miturut Nurhayati (2001: 10) wonten basa jawi *proses morfologis* pangrimbaging tembung wonten tiga inggih menika wuwuhan, rangkep utawi *pengulangan*, saha camboran utawi *pemajemukan*.

B. Semantik

Semantik inggih menika *kajian* ingkang magepokan kalian makna (Suhardi, 2013: 28). Wondene miturut Gudai (1989: 3) semantik inggih menika pangretosan bab makna. Pamanggih sanes mratelaaken bilih semantik inggih menika perangan *linguistik* ingkang nyinau bab teges saha makna (Verhar, 2001: 385). Miturut Pateda (2010: 7) semantik inggih menika *subdisiplin* linguistik ingkang mratelaaken teges saha kanthi objekipun semantik inggih menika makna. Adhedhasar saking pamanggih para ahli kasebut saged dipunpendhet dudutan menawi *semantik* inggih menika *kajian Lingistik* ingkang ngandharaken bab teges saha makna saking tembung utawi *morfem*.

C. Dhasaring Paring Nama

Dhasaring paring nama inggih menika bab *konvensi* utawi prajanjian basa antawisipun *anggota* wonten masarakat (Aristoteles lumantar Chaer, 1995: 44). Miturut Chaer (1995: 43-52) dhasaring paring nama wonten mapinten-pinten cara, inggih menika; (1) Paniruning swanten, (2) Panyebuting Perangan, (3) Panyebuting sipat *khas*, (4) Panemu utawi ingkang Damel, (5) Papan Asal, (6) Bahan, (7) Ngemperaken, (8) Cekakan.

CARA PANALITEN

A. *Desain* Panaliten

Panaliten *Analisis Morfosemantik* Nama-nama Dhusun wonten Kecamatan Banguntapan menika migunakaken jinising panaliten *Kualitatif* ingkang sipatipun *deskriptif*. Miturut Bogdan saha Taylor lumantar Ismawati (2012: 7) panaliten *kualitatif* inggih menika jangkahing panaliten ingkang asilipun *datadeskriptif* arupi tembung-tembung ingkang kaserat utawi pocapaning manungsa saha pakulinan ingkang dipuntingali; *pendekatan* menika wonten *latar* saha *individu* kanthi *holistik* (wetah), kanthi mekaten individu utawi *organisasi* boten dipunisolasi wonten *variabel* utawi *hipotesis* ananging dipuntingali wonten satunggaling satuan ingkang wetah. Miturut Ismawati (2012: 90) panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten *nonhipotesis* satemah wonten jangkahing panaliten menika boten migunaaken rumusing *hipotesis*. Pamanggih sanes ngandaraken panaliten *deskriptif* inggih menika gambaran titikan *data* kanthi *akurat* ingkang jumbuh saha gadhah sipat ingkang alamiah. *Data* ingkang dipunkempalaken saged awujud saking *naskah*, *wawancara*, catetan lapangan, *foto*, *video tape*, *dokumen pribadi*, saha sapanunggalanipun (Djajasudarma 1993: 15). Adhedhasar pamanggih saking para ahli kalawau mila panaliten menika migunaaken panaliten *kualitatif deskriptif*, amargi wonten panaliten menika *data* awujud tembung namadhusun wonten Kecamatan Banguntapan Kabupaten Bantul Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta ingkang ngalami *proses morfosemantik*.

B. *Setting* Panaliten

Panaliten menika katindhakaken wontening dhusun-dhusun ing Kecamatan Banguntapan Kabupaten Bantul Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Wekdalipun anggenipun mendhet dhata panaliten inggih menika kalih wulan inggih menika wulan *April* dumugi *Mei* 2018.

C. *Data saha Sumber Data*

Data wonten panaliten menika awujud nama dhusun wonten Kecamatan Banguntapan Daerah Istimewa Yogyakarta. Sumber *data* wonten panaliten inggih menika saking data Kecamatan Banguntapan, Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Bantul saha saking *narasumber* inggih menika Bapak K.R.T.H Harto Yosodipuro

D. *Instrumen Panaliten*

Instrumen ingkang dipungunakaken wonten ing panaliten menika *HumanInstrumen*, panaliti minangka instrumen kunci ingkang dados pokok pikiran kangge nglaksanakaken analiten wonten ing lapangan. Ciri-ciri umum kangge human instrument inggih menika 1) *responsif*; 2) *dapat menyesuaikan diri*; 3) *menekankan keutuhan*; 4) *memproses data secepatnya*; 5) *berpengetahuan* (Moleong, 2010: 168). Piranti ingkang dipungunakaken dening panaliti kangge ngempalaken data inggih menika daftar pitakenan, buku cathetan saha piranti sanesipun ingkang saged biyantu panaliten menika kalaksanaan.

E. *Metode Utawi Teknik Ngempalaken Data*

Cara ngempalaken data wonten panaliten menika kanthi cara *observasi*, *wawancarasaha dokumentasi*.

1. *Observasi*

Panaliti ngadani *surve* wonten Kantor Kecamatan Banguntapan, saha Kelurahan ingkang dipunpilih kangge mendhet data nama-nama dhusun kathahing dhusun, wates dhusun, sejarah dhusun. Panaliti ugi ngadani *observasi* wonten kantor Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Bantul.

2. *Wawancara*

Wawancara katindakaken kaliaan *narasumber* ingkang paring *data valid*. *Narasumber*-ipun inggih menika *kerabat* saha abdi dalem Kraton Ngayogyakarta inggih menika K.R.T. H Harto Yosodipuro minangka *kerabat* saha abdi dalem Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat.

3. Dokumentasi

Dokumentasi nama dhusun wonten tlatah Kecamatan Banguntapan menika pikantuk saking *data lapangan*, Kantor Kecamatan Banguntapan, Kantor Kalurahan saha wonten Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Bantul.

F. Metode saha Teknik Analisis Data

ReduksiData inggih menika *identifikasi unit* ingkang paling alit ingkang maknanipun gayut kaliyan bab ingkang dipunrembag wonten ing panaliten (Moleong, 2010: 288). Wonten ing panaliten ingkang kalampahan menika milih data saking asiling *wawancara* utawi *dokumen-dokumen* ingkang gayut kaliyan asal-usul saha makna nama Dhusun wonten ing Kecamatan Banguntapan. Salajengipun inggih menika *Kategorisasi*, menika milih perangan ingkang paling alit lajeng dipunperang adhedhasar bab-bab ingkang sami (Moleong, 2010: 288). Wonten ing panaliten menika *kategorisasi* nama-nama Dhusun ingkang sampun dipunpilah adhedhasar maknanipun.

G. Uji Keabsahan Data

Kangge mangretosi menawi data ingkang dipunpanggihaken menika sampun valid menika ngginakaken *Triangulasi teori* menika dipunlampahi kanthi cara mbandhingaken teori-teori wonten ing panaliten. *Triangulasi sumber* inggih menika mbandhingaken saha ngecek drajat kapitadosan salah satunggaling informasi kaliyan sanesipun (Patton lumantar Moleong, 2010: 330). *Triangulasi sumber* menika mbandhingaken asiling wawancara kaliyan dokumen-dokumen wonten ing papan panaliten menika. Kangge jangkepi saha *menginterpretasikan* data panaliten, panaliti ugi ngginakaken Bausastra Jawa, saha *Kamus Besar Bahasa Indonesia*.

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Pangrimbaging tembung kanthi wuwuhan saha maknanipun

Nama dhusun ingkang pandhapuking nama kanthi pangrimbag wuwuhan; panambang (-an), *konfiksasi* utawi wuwuhan sesarengan (ka- -an) saha (n- -an) dipunrembag sesarengan kalian maknaning nama saha dhasaring paring nama.

1) Tembung andhahan mawi wuwuhan Panambang (-an)

Dhusun Jagalan

Dhusun Jagalan menika nama dhusun ingkang wujud tembungipun kalebet tembung andhahan pangrimbagipun sarana wuwuhan, tembung menika kadhapuk saking tembung lingga jagal saha wuwuhan panambang -an. Miturut kamus, Jagal menika maknanipun *tukang kang nyembeleh raja-kaya* (TIM, 2011: 278), wondene panambang -an gadhah makna nedahaken papan panggenan, utawi paring pangaribawa tembung *verba, nomina*.

Tembung menika kadhapuk saking tembung lingga jagal saha panambang -an, ewah dados tembug andhahan, pangrimbagipun sarana wuwuhan jagalan. Saking maknaning nama Dhusun Jagalan inggih menika ingkang wiwitan Jagal minangka tiyang ingkang nyembeleh raja-kaya, ewah dados jagalan ingkang maknanipun papan panggenan tiyang ingkang padamelanipun tukang jagal. Maknaning nama saking pangaribawa ingkang mapan wonten panggenan menika. Miturut pamanggih narasumber nalika 8 April 2018, dhusun Jagalan minangka papan panggenanipun saking abdi dalem jagal.

Dhasar anggenipun paring nama dhusun wonten gayutanipun kaliyan nama jagalan. Satemah jagalan menika minangka satunggaling nama papan panggenan saking abdi dalem Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat inggih menika abdi dalem jagal. Abdi dalem jagal menika jejibahanipun minangka tiyang ingkang nyembeleh raja-kaya wonten ing Kraton Ngayogyakarta. Abdi dalem menika rumiyinipun mapan wonten papan panggenan ingkang samenika dados dhusun Jagalan. Satemah kaliyan para warga papan menika dipunparingi nama Dhusun Jagalan, amargi dhasaring paring nama Dhusun Jagalan menika miturut

papanipun, inggih menika papan panggenan abdi dalem Jagal Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat, dhasaring paring nama adhedhasar papanipun.

2. *Konfiksasi* utawi *Tembung Andhahan mawi wuwuhan sesarengan rumaket(ka- -an)*

Dhusun Kapanjen

Dhusun menika nama dhusun ingkang wujud tembungipun kalebet tembung andhahan, pangrimbagipun sarana wuwuhan, tembung menika kadhapuk saking tembung lingga Panji saha wuwuhan (*konfiks* utawi *simulfik*) ka- saha -an. Miturut kamus, Panji menika gadhah makna sesebutaning darahing ratu (TIM, 2011: 528), wondene wuwuhan ka-/-an gadhah makna nedahaken papan panggenan, utawi paring pangaribawa tembung *nomina* utawi araning wujud. Tembung menika kadhapuk saking tembung lingga panji saha ka- saha -an dados tembug andhahan, pangrimbagipun sarana wuwuhan (*konfiks* utawi *simulfik*) kapanjen.

Tembung panji menawi pikantuk wuwuhan ka- saha -an menika boten ewah dados tembung kapanjian ananging ewah dados tembung kapanjen, amargi aksara swara (vokal) i saha a menika luluh dados setunggal aksara swara e, satemah (ka-) + panji + (-an) menika ewah dados tembung kapanjen. Saking maknaning nama dhusun Kapanjen inggih menika ingkang wiwitan panji maknanipun sesebutaning darahing Ratu, ewah dados kapanjen ingkang maknanipun papan panggenanipun kangge sesebutaning darahing Ratu. Maknaning nama saking pangaribawa ingkang mapan wonten panggenan menika. Miturut pamanggih narasumber nalika 8 April 2018, dhusun Kapanjen minangka papan panggenanipun saking Raden Mas Panji saking Kraton Mataram.

Dhasar anggenipun paring nama dhusun wonten gayutanipun kaliyan nama Kapanjen. Satemah kapanjen minangka satunggaling nama papan panggenan saking Raden Mas Panji saking Kraton Mataram. Raden Mas Panji rumiyin mapan wonten papan panggenan ingkang samenika dados dhusun

Kapanjen. Satemah kalia para warga papan menika dipunparingi nama Dhusun Kapanjen, amargi dhasaring paring nama Dhusun Kapanjen menika miturut papan panggenanipun, inggih menika papanipun panji, dhasaring paring nama adhedhasar papanipun.

B. Pangrimbaging Tembung kanthi Camboran saha maknanipun

Nama dhusun ingkang pandhapuking nama kanthi pangrimbagipun sarana camboranan dipunrembag sesarengan kalia maknaning tembung saha dhasaring paring nama.

1) Camboran Wetah

Dhusun Pelemwulung

Dhusun Pelemwulung menika nama dhusun ingkang wujud tembungipun kalebet tembung andhahan, pangrimbagipun sarana camboran, inggih menika camboran wetah. Tembung camboran wetah Pelemwulung menawi dipunudhar tembung menika kadhapuk saking tembung lingga pelem saha wulung. Miturut kamus, pelem menika maknanipun *wit sarta wohe sing wis mateng rasane legi, sing enom kecut, sok digawe lotis* (TIM, 2011: 543), wondene wulung maknanipun *wuluning awak kang lembut sarta lemes* (TIM, 2011: 788). Tembung menika kadhapuk saking tembung lingga pelem saha wulung, ndapuk tembug andhahan, pangrimbagipun sarana camboran pelemwulung.

Tembung pelemwulung menika kalebet jinising tembung camboran wetah, tembung wulung minangka katrangan saking tembung pelem. Saking maknaning nama dhusun Pelemwulung inggih menika ingkang wiwitan menawi pelem maknanipun wit pelem saha wulung maknanipun wulu. Maknaning nama saking pangaribawa ingkang mapan wonten panggenan menika. Miturut pamanggih narasumber nalika 8 April 2017, dhusun Pelemwulung minangka papan panggenan ingkang wonten wit pelem ingkang wonten wulunipun.

Dhasar anggenipun paring nama dhusun wonten gayutanipun kaliyan makna saking nama pelemwulung. Satemah dhasaripun paring nama miturut papan panggenanipun. Dhusun Pelemwulung menika rumiyinipun inggih menika wonten wit pelem ingkang wonten wulunipun ingkang dumugi samenika taksih lestantun. Satemah kalia para warga papan menika dipunparingi nama Dhusun Pelemwulung, amargi menika dhasaring paring nama Dhusun Pelemwulung miturut papan panggenanipun, inggih menika papan panggenan saking wit pelem ingkang wonten wulunipun.

2) Camboran kanthi *Variasi*Wuwuhan (-an)

Dhusun Jurangbodhon

Dhusun Jurangbodhon menika nama dhusun ingkang wujud tembungipun kalebet tembung andhahan, pangrimbagipun sarana camboran, inggih menika camboran kanthi wuwuhan. Tembung camboran Jurangbodhon menawi dipunudhar tembung menika kadhapuk saking tembung jurang, bodho saha panambang -an. Miturut kamus, jurang menika maknanipun *ledhokan jero ing antaraning gunung utawa kali* (TIM, 2011: 310), saha bodho maknanipun *angel mangertine marang piwulang* (TIM, 2011: 71), wondene panambang –an gadhah makna nedahaken papan panggenan, utawi paring pangaribawa tembung *verba, nomina*. Tembung menika kadhapuk saking tembung lingga Jurang, tembung Bodho saha panambang -an, ndapuk tembug andhahan, pangrimbagipun sarana camboran jurangbodhon. Tembung jurangbodhon menika kalebet jinising tembung camboran wutuh mawi *variasi* inggih menika kanthi panambang -an, tembung jurang minangka katrangan saking tembung bodhon.

Tembung jurangbodho menawi pikantuk panambang –an menika boten ewah dados tembung jurangbodhoan ananging ewah dados tembung jurangbodhon, amargi aksara swara (vokal) o saha a menika luluh dados setunggal aksara swara o, satemah tembung jurangbodho + (-an) menika ewah dados tembung jurangbodhon. Saking maknaning nama dhusun Jurangbodhon inggih menika ingkang wiwitan menawi jurang maknanipun ledhokan jero ing antaraning

gunung utawa kali, tembung bodho maknanipun angel mangertine marang piwulang, saha jurangbodho menika maknanipun pakuningrat maknanipun para tiyang wonten ing salebeting jurang, wondene jurangbodhon maknanipun papanipun para tiyang kang bodho wonten ing salebeting jurang. Maknaning nama saking pangaribawa ingkang mapan wonten panggenan menika. Miturut pamanggih narasumber nalika 8 April 2018, dhusun Jurangbodhon minangka papan panggenan Panembahan Bodho wonten ing salebeting ledhokan utawi jurang.

Dhasaring anggenipun paring nama dhusun wonten gayutanipun kaliyan nama jurangbodhon. Satemah dhasaring paring nama kalebet nyebutaken papan panggenan. Papanipun ingkang dipunsebut saking papan menika ndalem Jurangbodhon. Dhusun Jurangbodhon menika rumuyinipun minangka papan panggenanipun Panembahan Bodho utawi Raden Trenggana II. Satemah kalia para warga papan menika dipunparingi nama Dhusun Jurangbodhon, amargi dhasaring paring nama Dhusun Jurangbodhon menika miturut papan panggenanipun, inggih menika ndalem Jurangbodhon, dhasaring paring nama adhedhasar papanipun.

DUDUTAN

Saking asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipuntindakaken, panaliten menika saged dipunpundhut dudutanipun kaandharaken wonten ngandhap menika:

1. Pandhapuking nama dhusun wonten Kecamatan Banguntapan inggih menika saking tembung lingga dados tembung andhahan kanthi pangrimbag wuwuhan; ater-ater anuswara (n-), panambang –an saha *konfiksasi* pa- -an saha ka- -an, pangrimbaging tembung wonten ugi kanthi camboran wetah saha camboran *variasi* wuwuhan(-an);
2. Dhasaring paring nama dhusun ingkang pangrimbagipun sarana wuwuhan wonten kalih dhasar paring nama, inggih menika papan panggenanipun, saha

ngemperaken. Dhasaring paring nama dhusun ingkang pangrimbagipun sarana camboran inggih menika papan panggenanipun;

3. Makna saking nama dhusun wonten Kecamatan Banguntapan kaperang dados tiga, inggih menika; (1) maknaning nama saking pangaribawa tembung lingganipun, (2) maknaning nama saking pangaribawa ingkang mapan wonten panggenan menika, saha (3) maknaning nama saking pangaribawa kriya lingganipun.

Pamrayogi

Adhedhasar asiling panaliten saha dudutan kalawau wonten perangan menika panaliti badhe suka pamrayogi, pamrayoginipun inggih menika:

1. Kangge masyarakat umum mliginipun warga Kecamatan Banguntapan, teges saha asal usulipun (sejarah) dhusun kedah dipunmangertosi, supados saged nguri-uri, nglestantunaken saha majengaken dhusun minangka dhusun wisata;
2. Kangge Dinas Kebudayaan saha Pariwisata, saged paring pambiyantu awujud piranti ingkang dipunbetahaken kalian dhusun-dhusun wisata wonten Kecamatan Kraton Kutha Yogyakarta ingkang saged majengaken dhusun menika;
3. Kangge panaliten sanes, panaliten menika namung winates kanthi kajian *morfologi* saha *semantik* kemawon, satemah taksih kathah ingkang saged dipunteliti saking nama – nama dhusun wonten Kecamatan Banguntapan kadosta bab filosofi sejarah saha *semantik kultural*.

KAPUSTAKAN

Antunshono. 1953. *Paramasastra Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.

Arifin, Zaenal & Junaiyah. 2008. *Morfologi Bentuk, Makna, Fungsi*. Jakarta : PT Grasindo.

Chaer, Abdul. 1995. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta : Rineka Cipta.

_____. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.

- Djadjasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik Ancangan Metode Penelitian dan kajian*. Bandung : PT. Eresco.
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik: Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan.
- Ismawati, Esti. 2012. *Metode Penelitian Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta : Ombak.
- Kerlingger, F.N. 2006. *Asas-asas Penelitian Behavioral*. Yogyakarta: UGM Press.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia
- _____. 2007. *Pembentukan Kata Dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia.
- Kosasih, Dede. 2010. “*Kosmologi Sistem Nama Diri (Antroponim) Masyarakat Sunda*”. Seminar Internasional Hari Bahasa Ibu, hlm. 33-38.
- Moleong, Lexy. J. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Mulyana. 2007. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Kanwa Publisher.
- Nurhayati, Endang. 2001. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta : UPT Yogyakarta.
- Nurhayati, Endang & Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara
- Pateda, Mansoer. 2010. *Semantik Leksikal*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Poerwadarminto, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. GRONINGEN BATAVIA : J.B. WOLTERS“ UITGEVERS-MAATSCHAPPIJ N. V.
- Ramlan. 1987. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: CV. Karyono.
- _____. 2001. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: CV. Karyono.
- Satori, Djaman. 2011. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabeta
- Sudaryanto, dkk. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta wacana University Press.
- _____. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugiri, Eddy. 2003. “*Perspektif Budaya Perubahan Nama Diri Bagi WNI Keturunan Tionghoa di Wilayah Pemerintah Kota Surabaya*”. Bahasa dan Seni, 1, hlm. 54-69

- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan RnD*. Bandung: Alfabeta
- Suhardi. 2013. *Pengantar Linguistik Umum*. Yogyakarta : Ar-Ruzz Media.
- TIM Balai Bahasa Yogyakarta. 2011. *Kamus Bahasa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius.
- Uhlenbeck, E.M. 1982. *Kajian Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Penerbit Djambatan.
- Verhaar, J.W.M. 1989. *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Prees
- _____. 2001. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta :Gadjah Mada University Press.